



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10.4 MILYON DOLA NAN KAD EFÒ POU
AMELYORE KALITE DLO NAN LONG ISLAND, RESTORE POPILASYON
FWIDMÈ YO EPI RANFÒSE REZISTANS KOMINOTE
SOU ZÒN KÒT LA YO**

***L ap Envesti 7.25 Milyon Dola nan Espas Piblik pou Fwidmè yo Ponn Ze toupatou
atravè Long Island ak 3.15 Milyon Dola pou yo Achte Fwidmè ki deja Adilt***

***Konsil pou Restorasyon Popilasyon Fwidmè a ap Jere Efò sa yo epi Kowòdone
Fòmasyon sou yo***

Envestisman sa yo pral Kreye Djòb Toupatou Atravè Long Island

***DEC la pral Tabli yon Espas Kote Moun Ka Fè Tout Bezwen yon Sèl Kote (One-
Stop Shop) pou Akselere Pèmi pou Kilti Fwidmè yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 10.4 milyon dola nan kad efò pou amelyore kalite dlo nan Long Island ak ranfòse ekonomi ak rezistans kominote sou zòn kòt la yo lè yo restore popilasyon fwidmè natif natal nan dlo ki sou zòn kòt la yo. Pou yo ka restore popilasyon fwidmè yo, Eta New York la ap itilize yon pwogram sibvansyon ki dedye pou tabli senk nouvo sit rezèv animalyè nan konte Suffolk ak Nassau pou transplante paloud ak zwit k ap ponn yo al mete yo nan rezèv la yo epi agrandi espas piblik pou fwidmè yo ponn ze a yo nan de konte sa yo.

“Li trè enpòtan anpil pou nou pwoteje atou natirèl nou gen nan Long Island yo, epi lè nou restore popilasyon fwidmè nou yo epi nou envesti nan prezèvasyon kominote sou zòn kòt New York la yo, nou pral ranfòse ekonomi rejyon an, kreye nouvo djòb, epi asire dlo nou yo rete pwòp”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou gen yon obligasyon ki byen senp - pou kite kote nou ye a pi byen pase jan nou te jwenn li an, epi pandan nou ap kontinye fè fas ak defi chanjman klimatik yo, New York pral kontinye envesti kounye a pou nou prezève kalite, rezistans ak bote natirèl Long Island lan pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Gouvènè Cuomo te fè anons lan nan Depatman Ponpye Halesite la (Halesite Fire Department) nan Konte Suffolk la.

Sou lòd Gouvènè a, Eta New York la ap tabli senk sit rezèv animalyè pou popilasyon fwidmè yo nan lokalite estratejik, kote fwidmè yo pral alafwa amelyore kalite dlo yo epi fleri an menm tan sou zòn bò rivaj onò tankou osid Long Island nan toude konte Nassau ak Suffolk yo. SUNY Stony Brook ak Cornell Cooperative Extension (CCE) pral jere sit la yo an patenarya ak minisipalite yo ak òganizasyon volontè yo. Sit rezèv animalyè nan Konte Suffolk la yo gen ladan Bellport Bay, Shinnecock Bay, ak Huntington Harbor. Sit Konte Nassau yo gen ladan bè Hempstead ak South Oyster.

Yo pral anseme pandan dezan k ap vini la yo, jiska 179 milyon fwidmè yo pwodwi ak elve onivo lokal yo te elve yo pou satisfè bezwen espesifik chak etandi dlo yo, sa k ap pwodwi ase fwidmè pou filtre dlo nan sit sa yo chak twa jou. Nan chak sit yo, fwidmè yo pral gen ladan paloud ak zwit adilt melanje ak jèn yo. Yo pral siveye sit la yo pou evalye sivivans, kwasans, ak repwodiksyon yo pou yo ka mezire siksè efò yo ap fè yo epi gide ansemans yo pral fè alavni yo. Eta a pral investi 3.15 milyon dola pou achte 28 milyon fwidmè adilt nan men distribitè ak elvè lokal yo.

Eta a ap investi 5.25 milyon dola nan Cornell Cooperative Extension Konte Suffolk la pou agrandi espas piblik pou fwidmè yo ponn ze ki la kounye a, epi mete fwidmè yo nan sit rezèv animalyè yo. Konte Nassau a pral fè patenarya ak CCE pou yo òganize pepinyè varyab yo.

Yon nouvo pwogram sibvansyon 2 milyon dola pral ede konstwi oswa agrandi espas piblik pou fwidmè yo ponn ze nan Long Island lan yo. Chak benefisyè sibvansyon an yo pral resevwa jiska 400,000 dola epi yo aktyèlman ap negosye ak Vil Brookhaven, Southampton, East Hampton, Hempstead, Islip ak Shinnecock Nation.

Anplis de sa a, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) pral travay ak responsab espas pou fwidmè yo ponn ze a yo pou yo evalye potansyèl pou yo bay espas sa yo kouran apati de enstalsyon pano solèy pou itilize enèji renouvlab.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Basil Seggos te di, “Gouvènè Cuomo rekonèt kominote ak ekosistèm Long Island lan yo benefisye lè gen yon popilasyon fwidmè ki an bon sante. Investisman New York ap fè pou restore popilasyon fwidmè a yo pral ede netwaye dlo Long Island yo pandan l ap kreye djòb pou moun ki sou bè a yo epi resisite eritaj zòn kòt la”.

John D. Cameron, ki se Prezidan, Konsil Planifikasyon Rejyonal Long Island lan (Long Island Regional Planning Council), te di, “Nou ta dwe felisite Gouvènè Cuomo paske li rekonèt enpòtans ekonomik ak anviwonnmanal endistri fwidmè a genyen pou bò isit la nan Long Island, ak wòl enpòtan yo jwe nan lit kont polisyon nitwojèn nan ekosistèm maren zile a.”

Pou nou sipòte ak gide efò restorasyon an yo, Gouvènè a ap mete Konsil pou Restorasyon Fwidmè (Shellfish Restoration Council) sou pye. Konsil la pral gen kòm koprezidan, SUNY Stony Brook, Cornell Cooperative Extension ak Pwojè Billion Oyster pou yo siveye pwogrè k ap fèt nan sit rezèv animalyè ak sit transplantasyon yo, yo ap bay lòd pou efò restorasyon alavni yo, epi kowòdone fòmasyon ak efò edikasyonèl yo

atravè Distri Maren ak Kotye New York la (New York Marine and Coastal District).

Gouvènè a ap bay DEC lòd tou pou yo tabli yon espas kote moun ka achte tout bagay yon sèl kote, ki gen ladan sitwèb ki fasil pou moun navige, liy asistans, medyatè lokal, pou rasyonnalize pwosesis pèmi ki asosye ak kilti fwidmè yo pou efò restorasyon ansanm ak efò komèsyal yo.

Gouvènè Cuomo te anonse disponibilite finansman pou yon Demand Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou yo idantifye kondisyon nesèsè ak fezabilite elvaj fwidmè ak zèb lanmè pou retire eleman nitritif nan dlo Long Island yo epi amelyore kalite dlo yo. DEC ap travay ak Konsil Planifikasyon Rejyonal Long Island lan ak Konte Nassau ak Suffolk yo sou Plan Daksyon kont Nitwojèn Long Island lan (Long Island Nitrogen Action Plan, LINAP) pou yo redwi kantite nitwojèn ki nan dlo sifas ak dlo anba tè Long Island yo. Piblikasyon Demand Pwopozisyon sa ap konpleman te efò k ap fèt nan kad LINAP la. Finansman pou RFP a soti nan Fon pou Pwoteksyon Anviwonman an (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a.

Finansman pou pwojè restorasyon popilasyon fwidmè yo ap soti nan EPF la ak nan 2.5 milya Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) istorik 2017 la, Fon Enfrastrikti Vèt la yo (Green Infrastructure Funds).

Tou resaman pandan 50 dènye ki sot pase yo, plis pase mwaye nan paloud moun manje Ozetazini yo te soti nan Great South Bay Long Island lan. Lè gen anpil paloud, yo filtre apeprè 40 pousan nan sifas dlo yo chak jou. Akoz de yon bann seri faktè, ki gen ladan kalite dlo epi moun plede peche yo twòp, popilasyon paloud di yo an bèl. Aktyèlman gen ase paloud di pou filtre anviwon yon pousan dlo bèl a. Kalite dlo yo an bèl lè pa gen fwidmè.

W ap jwenn plis enfòmasyon disponib sou [sitwèb](#) DEC a, ki gen ladan enfòmasyon sou pèmi pou moun k ap fè livrezon oswa tretman fwidmè yo.

Senatè Tom O'Mara, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal nan Sena (Senate Standing Committee on Environmental Conservation), te di, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap travay ak lejislati a pou yo tabli pwogram sibvansyon sa a ak investi nan kwasans ak siksè espas pou fwidmè yo ponn ze nan Long Island yo. Antanke yon fòs fondamantal pou kominote nou an yo ak yon bagay ki atire vizitè yo, nouvo espas pou fwidmè yo ponn ze sa yo pral ajoute sou yon endistri ki deja byen djanm epi founi djòb pou rezidan k ap travay di nan rejyon an yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l pran an vè prezèvasyon anviwonman an, epi mwen atann pou siksè k ap gen akoz agrandisman ak pwoteksyon popilasyon fwidmè nou yo”.

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Konsèvasyon Anviwònmanal an (Assembly Environmental Conservation Committee) te di, “Pou ekonomi Long Island lan pwospere, rezidan nou yo, kominote ak anviwonman nou yo dwe pwospere tou, epi Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans pwoteksyon anviwonman nou an, espesyalman pwoteksyon dlo imakile nou yo. Li kanpe avèk nou lè EPA pa te vle, epi li te investi nan modènizasyon ak sekirite enfrastrikti dlo nou yo lè yo te plis bezwen. Ankò e ankò Gouvènè a te sipòte kominote

nou yo epi avèk anons jodi a, nou ka asire kominote sou zòn kòt yo pral rete dirab pou anpil jenerasyon Nouyòkè k ap vini ankò”.

Egzekitif Konte Suffolk, Steven Bellone, te deklare, “Gouvènè Cuomo te kenbe pwomès li te fè Konte Suffolk la yon lòt fwa ankò pandan n ap kontinye fè pwogrè nan lit pou nou restore kalite dlo nou yo nan Long Island. Lè nou mete finansman enpòtan disponib, nou pral gen kapasite pou nou rekonstitiye popilasyon fwidmè nou yo, sipòte kilti zèb lanmè ak fwidmè yo, pandan n ap pran mezi ki nesès pou nou asire etandi dlo yo rete dirab pou anpli jenerasyon k ap vini ankò. Mwen atann pou ouvèti nouvo espas pou fwidmè sa yo ponn ze yo ak kwasans popilasyon fwidmè yo pandan n ap travay ansanm pou nou retire pwazon nan dlo nou yo epi etabli yon New York ki pi pwòp pou tout moun”.

Egzekitif Konte Nassau, Edward Mangano, te deklare, “Dlo pwòp se youn nan eleman ki pi enpòtan pou yon ekonomi k ap pwospere, rezidan ki an bòn sante ak resous natirèl dinamik. Avèk efò 10.4 milyon dola sa a, Gouvènè Cuomo pran mezi nesès pou restore vwa navigab sou zòn kòt Long Island lan yo, sa k ap asire yo rete pwòp pou jenerasyon k ap vini yo. Lè nou kreye rezèv animalyè pou popilasyon fwidmè natif natal yo grandi, nou ka asire rezistans ak vyabilite dlo Long Island yo pou jenerasyon moun Long Island yo kiltive ak jwi alavni”.

Sipèvizè Vil Oyster Bay a, Joseph S. Saladino te di, “Li trè enpòtan anpil pou nou investi nan prezèvasyon kalite dlo Long Island yo pou nou ka garanti yon avni vibran pou ekonomi ak espès natif natal rejyon an yo. Lè nou etabli sit sa yo, nou ka ede restore popilasyon fwidmè sou zòn kòt Long Island lan yo pandan n ap estimile ekonomi an epi pwoteje Kanal Long Island lan pou jenerasyon Nouyòkè k ap vini an yo. Angajman Gouvènè Cuomo pran pou l investi nan kalite dlo Long Island lan ak pi lwen toujou a, enpòtan anpil nan efò pou nou garanti yon New York ki pi an sante ak pi pwospè pou tout moun”.

Sipèvizè Vil Hempstead, Anthony J. Santino, te deklare, “Pandan anpil ane, kalite dlo ki ozalantou Long Island lan te an bès, sa ki te lakoz popilasyon fwidmè k ap viv la yo redwi anpil. Lè nou restore popilasyon fwidmè yo epi nou tabli sit rezèv animalyè sou zòn kòt Konte Nassau ak Suffolk la yo pou espès sa yo, nou ap fè gran pa pou nou amelyore kalite dlo ki sou bò rivaj sa yo pou pitit ak pitit pitit nou yo ka jwi. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou gran investisman sa l ap fè nan kalite dlo rejyon nou an, epi mwen atann pou nou wè ekonomi lokal Long Island lan pwospere”.

Sipèvizè Vil Huntington, Frank Petrone, te deklare, “Prezèvasyon ak pwoteksyon kalite dlo sou bò rivaj Long Island lan yo enpòtan anpil pou sante Nouyòkè k ap viv nan zòn lan yo, pandan l ap sèvi kòm yon eleman fondamantal pou ekonomi kotyè nou an yo. Lè nou deziyen sit rezèv animalyè sou zilè a yo, se yon lòt pa nou ap pran ankò pou nou ka pwoteje resous natirèl rejyon sa a yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li ap defann kalite dlo nan rejyon an san pran souf - finansman sa a pral ede restore vwa navigab Long Island yo, sa k ap asire sekirite ak vyabilite yo byen lwen alavni”.

Sipèvizè Vil Southampton, Jay Schneiderman, te deklare, “Gouvènè Cuomo se yon defansè san parèy pou Long Island, epi investisman sa a se dènyè prèv ki montre angajman l pran anvè kominote a. Inisyativ sa a pral ede kreye djòb, sipòte kwasans

ekonomik, epi garanti dlo yo rete pwòp pou kominote nou yo. Mwen atann pou m travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou kontinye investi nan ekonomi ak anviwonman Long Island lan”.

Sipèvizè Vil Brookhaven, Ed Romaine, te deklare, “Plaj ak dlo nou yo se trezò ki gen bote natirèl mèveye epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou prezève ak pwoteje yo. Avèk investisman ekstraòdinè sa a k ap fèt nan restorasyon popilasyon fwidmè yo, Gouvènè Cuomo ap mete ansanm ak efò administrasyon mwen an ap fè pou kenbe dlo yo pwòp, anviwonman an sante ansanm ak estimile kwasans djòb nan kominote nou yo. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou ap investi nan avni nou”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418